# EPIKALIQ BATIR HÁM ONIŃ ATI OBRAZIN JASAWDA TEŃEW HÁM GIPERBOLALARDIŃ XIZMETI

Sipatdinova Qumar Murat qızı
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.20339201

**Annotatsiya:** Anotaciya: Bul maqalada Epikalıq shıǵarmalarda, yaǵnıy dástanlarda batır hám onıń obrazınıń jasalıwında teńewlerdiń, sonıń menen birge giperbolalardıń xizmeti haqqında aytıladı.

**Gilt sózler:** Teńew, giperbola, obraz, personaj, kórkem shıǵarma, folklorlıq dástan.

# ФУНКЦИИ СРАВНЕНИЙ И ГИПЕРБОЛ В СОЗДАНИИ ОБРАЗА ЭПИЧЕСКОГО БАТЫРА И ЕГО КОНЯ

**Аннотация:** В данной статье рассматривается роль сравнений и гипербол в эпических произведениях, то есть в дастанах, а также их значение в создании образа батыра.

**Ключевые слова:** сравнение, гипербола, образ, персонаж, художественное произведение, фольклорный дастан.

# THE ROLE OF SIMILES AND HYPERBOLES IN CREATING THE IMAGE OF THE EPIC HERO AND HIS HORSE

**Abstract:** This article discusses the role of similes and hyperboles in epic works, namely dastans, as well as their significance in creating the image of a hero.

**Keywords:** simile, hyperbole, image, character, literary work, folkloric dastan.

Folklorda da, jazba ádebiyatta da eń ónimli qollanılatuǵın kórkemlew quralларınıń biri – teńewler bolıp esaplanadı. Kórkem shıǵarmada bir zat yaki qubılıstı ekinshi bir zat yaki qubılıs penen salıstırıp súwretlew teńew dep ataladı. Teńewler járdeminde oy- pikirdiń obrazlılıǵı, estetikalıq tásirsheńligi támiyinlenedi. « Teńew – troptıń ápiwayı, dáslepki túri bolıp esaplanadı" dep jazadı.[1] Biz qálegen kórkem shıǵarmanı alıp oqıytuǵın bolsaq onda shayır hámde jazıwshılar tárepinen bir nárseni súwretlep atırǵan waqtında yamasa qanday da bir personajdıń ruwxıy halatın, qızlardıń sulıwlıǵın, bolmasa tábiyat kórinisin ashıp beriwde teńewlerden ónimli qollanǵanın kórsek boladı. Teńewler shıǵarmada súwretlenip atırǵan nárseniń anıqlıǵın, oqıwshıǵa tez hámde sapalı túrde jetkerip beriw ushın onda oqıwshınıń dóretpege degen qızıǵıwshılıǵın arttırıwǵa óz úlesin qosadı. Qaraqalpaq ádebiyatında teńewlerdi biz dástanlardan baslap kóremi. Onda olar dástan qaharmanlarınıń unamlı hámde unamsız obraz ekenligin biliw ushın, sonıń menen birge onıń kórkemlik xizmetiniń joqarı bolıwın táminlewde óz tásirin kóretedi. Kórkem shıǵarmada teńewler menen birge júretuǵın, eń ónimli troplardıń biri bul – giperbolalar bolıp esaplanadı. Giperbolalar da shıǵarmanıń kórkemlik tásiriniń kúsheyiwine sonıń menen birge, shıǵarmanıń tiliniń bayıwına óz úlesin qosadı. Kórkem shıǵarmada anaw yaki mınaw nárselerdi, sharayatlardı, personajlardı, olardıń is-háreketlerin hádden tıs úlkeytip, asıra súwretlew giperbola dep ataladı. Kórkem sóz sheberleri tásirsheńlikti kúsheytiw, obrazlılıqtı arttırıw maqsetinde giperbolanı qollanadı. Giperbolalıq súwretlew eki principke (háreket hám jaǵdaydı úlkeytip kórsetiwge) tiykarlanadı. Giperbolanıń tiykarında belgi hám qásiyetlerdi ekinshi nársege uqsatıw, salıstırıw boladı.

Bunday teńew hámde giperbolalar qaraqalpaq xalıq dástanı bolǵan Alpamıs hámde Qoblanlarda ushırasadı. Mısalı ushın shıǵarmada Alpamıstıń atınıń qanday ekenligin, onıń batırǵa mas atpa yáki mas emespe ekenligin mına qatarlardan kórsek boladı.

Dúbir shıqsa uzaqta,
Qulaq salıp tıńlaǵan,
Ózi shubar qotır tay,
Qarnı úlken suw qabaqtay,
Keselep jortıp kiyatır.[2]

Kópshilik dástanlarda batırdıń mingen atınıń kórinisi dáslebinde júdá jaqsı etip súwretlenbeydi. Olardıń kórinisi jaqında ólip qalayuǵın dińkesi joq, ústilerin qotır basıp, shıbınǵa talanǵan kórimsiz at sıpatında súwretlenedi. Bul dástanda da Bayshubar tekli attıń tuqımınan bolǵanı menen, ústin qotır basqan, shubar, qarnı úlken suw qabaqtay dep sáwlelenedi.

1. Qarın
2. Suw qabaq
3. (arıq)
4. (day) qosımtasınıń qısqarǵan forması

Al keyin ol naǵız iyesin tapqan soń heshkimge kúsh bermeytuǵın barǵan mánzilińe tez jetkizip aparatuǵın at bolıp jetilisedi.

Suw tulpardan bolǵandı,
Jel biyeden tuwǵandı,
Haslı kári qumaydı,
Basına kúnler tuwǵanda,
Jábrayl dep jılaptı. [2]

1. At
2. Kári qumay
3. (tekli, bahalılıǵı)
4. (day) qosımtasınıń qısqarǵan forması

Bul qosıq qatarları Alpamıstıń atın Qarajan minip ketip baratırǵanda, onıń atınıń tilin túsinbey onı jábireyl dep oylap qayǵırıp baratırǵan waqıtı. Bunda teńewdiń dı/di qosımtası dur qosımtasınıń ornına qollanıp kelgen. Bunda attıń haslın bereketli qumay qusına teńep, suw tulpardan, jel biyeden ekenligin aytadı. Bunday bolıp teńewlerdiń keliwi Ájiniyaz shayır shıǵarmalarında da siyrek ushırasadı.

Bunda uqsatıw belgisi qatnastırılmaǵan.
Lábleriń pistádek, tishiń marjandı.[3]

Bunda tisti marjanǵa teńew arqalı qızdıń sulıwlıǵın aytıp atırǵanın kóremiz. Jánede attı tanıstırıwda giperbolalarda úlken xizmet atqarǵanın kóremiz.

Qońırattan kelgen Bayshubar,
Júyrik eken eneǵar,
Qoltıǵında qos qanat,
Maydanǵa ózin giznep tur,
Júyrikligin bunnan biliń,
Qırıq kúnlik qıya shóllerdi,
Jeti kúnlik qıya shóllerdi,

Jeti kúnde gózlep tur.[2]

Bunda Bayshubardıń júyrik at ekenligin, Alpamısqa jarasıqlılıǵın kórsetiw maqsetinde onıń qoltıǵında qos qanatı bar, qırıq kúnlik qıya shóllerdi jeti kúnde basıp ótedi,- dep asırıp súwretleydi.

Bunday teńewlerdiń tek ǵana attı emes, sol attı baǵındıratuǵın, kútimin beretuǵın iyesinde táriplewde, onıń obrazın ashıp beriwde ónimli qollanıladı. Mısalı ushın; Edige dástanında onıń Sátemirdiń jurtına barǵan batırdı patshaǵa tanıstırıwda mına qatarlarda teńewden ónimli qollanǵanın kórsek boladı.

Rústem kibi aybatlı,
Seymurıqtay sımbatlı,
Arbadan keń kókiregi,
Arıstan juwan bilegi,[4]

Bul qosıq qatarlarında day hámde kibi sıyaqlı qosımta hámde kómekshi sózlerdi kórsek boladı. Edigeniń sawlatım, onıń denesin aytbatın sáwlelendiride dóretiwshi insan júdá orınlı paydańanǵan. Bul qatarlardı oqır ekebiz kóz aldımızǵa Ferdawsiydiń shıǵarmasındaǵı Rústemnen de artıq bolǵan, Seymurıq qus kibi sulıw, kórkem jigit birden kóz aldımızǵa keledi. Al endi onıń keyingi qatarlarında bolsa, mınanday giperbolalar qollanılǵan.

Tepsingende er qorıqqan,
Dárya qatıp muz bolǵan,
Lalawlasqan qalmaqtıń,
Toqsanǵa shıqqan kempiri,
Qorıqqanınan qız bolǵan. [4]

Bunda Edigeni kórgende hámme qorqadı, adamlar túwe aǵıp, tolqıp turǵan dáryada muz bolıp qatıp qalǵanlıǵın, sol eldiń toqsanǵa shıǵıp, jası jetken kempirleride qorıqqanınan qız bolǵan, - dep onıń maqtawın berip asıra súwretleydi. Bunday súwretlewler folklorlıq dástanlarda kóp qollanıladı. Bul tuwralı prof.Q.Maqsetov "Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarında gieprbolizm súwretlew motiviniń tiykarǵı ózgesheligin quraydı. Folklordaǵı tradiciyalıq giperbola sóz e tilip otırǵan waqıyanı janlandarıp kórsetiwge xızmet e tedi", dep jazadı. Folklorlıq dástanlarda batırlardıń tuwılıwı, e rjetiwi, úyleniwi, qaharmanlıq isler kórsetiwinde giperbola qolanıladı, - deydi.[5]

Juwmaqlap aytqanda kórkem shıǵarma tilinde sonıń ishinde folklorlıq dástanlarda teńewler hámde giperbolalar shıǵarmanıń qunlılıǵın arttırıwǵa, sonıń menen birge oqıwshılarǵa emocioanal tásir jasawǵa jaqınnan járdem beredi eken. Bunday kórkemlew qurallardan paydalanıw, hár bir jazıwshınıń dóretiwshilik ustaxanasınıń keńliginen sonıń menen birge qálemi ótkirliginen derek beredi.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Досымбетова А. Шаўдырбай сейитов лирикасында көркем форма. Нөкис «Ilimpaz» 2024 ж.
2. Қарақалпақ фольклоры (көп томлық). 1-8 томлар. - Нөкис: Қарақалпақстан баспасы, 2007-жыл.
3. Қарақалпақ фольклоры, Бес томлық. I том. Алпамыс, Қоблан дәстанлары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1995

4. Әжиняз, Бозатаўлы нәзәлим, (Таңламалық шығармалары). -Нөкис: Билим, 2014-жыл.